

Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLANIFIKASYON KÒMANSMAN FAZ DE A NAN  
PWOJÈ AMELYORASYON ENFRASTRIKTI 66.4 MILYON DOLA A SOU  
THRUWAY ETA NEW YORK A NAN KONTE ERIE**

***Chofè yo pral jwenn yon nouvo aranjman sikilasyon sou seksyon nan I-90 an ki  
toupren Baryè Peyaj Lackawanna a pandan dire pwojè a***

***Yo prevwa travay la ap fini pandan Otòn 2019 la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse dezyèm faz la nan yon pwojè amelyorasyon enfrastruktik 66.4 milyon dola sou Thruway a (I-90) nan Konte Erie ant soti 54 la (West Seneca-East Aurora-NY Route 400 ak NY Route 16) ak Baryè Peyaj Lackawanna yo planifye pou li kòmanse semèn sa a, si tan an pèmèt sa. Chofè yo pral jwenn yon nouvo aranjman sikilasyon sou seksyon nan I-90 an ki toupren Baryè Peyaj Lackawanna a pandan dire pwojè a, epi travay la sipoze fini pandan otòn 2019 la.

“Lè n invest nan pwojè enfrastruktik enpòtan konsa nan Rejyon Lwès New York la, tout moun benefisye”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Efè yon sistèm transpò modèn, ajou ap touche endistri touris la ak ekonomi an, epi konsa amelyore kalite lavi tout moun nan rejyon an.”

“N ap invest nan pwojè enfrastruktik toupatou nan eta a pou amelyore sistèm transpò yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. “Lè yo fini pandan otòn nan, amelyorasyon yo sou Thruway a nan Konte Erie pral modènize wout ak pon yo nan zòn nan epi kontinye bati ekonomi Rejyon Lwès New York la.”

[Pwojè dezan](#) an, ki te kòmanse nan mwa Avril 2018, gen ladan rekonstriksyon wout, reyabilitasyon kat pon sou Thruway a ak ranplasman yon pon sou Thruway a sou I-90 an. [Faz en](#) nan pwojè a te fini nan mwa Novanm ki sot pase a.

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan (Thruway Authority) Matthew J. Driscoll te deklare**, “Kòm sezon konstriksyon an ap rekòmanse, pwojè enfrastruktik enpòtan sa a nan Rejyon Lwès New York la ap rekòmanse tou. Lè li fini, pwojè sa a pral amelyore sekirite ak kalite wout la sou pòsyon sa a nan Thruway a ki gen anpil sikilasyon, epi konsa kreye yon pi bon trajè pou plizyè milye otomobilis chak jou”.

Gen yon nouvo aranjman sikilasyon k ap an vigè sou I-90 ant soti 54 la (West Seneca-East Aurora-NY Route 400 ak NY Route 16) ak Baryè Peyaj Lackawanna a pandan konstriksyon an. Tout sikilasyon an ap devye sou bò ki pral alwès la sou I-90 pandan y ap travay sou wout la ak pon an sou bò ki pral alès la sou I-90 an. Aranjman sikilasyon an pral rete an vigè pou dire pwojè a, ki planifye pou li fini Otòn sa a.

Pandan faz de pwojè a, ekip yo pral repave vwa ki pral alès la sou I-90 an avèk yon konbinezon rekonstriksyon beton, reparasyon sou tout pwofondè asfalt la ak yon seksyon k ap kraze epi ranpli. Ekip yo pral fè yon travay beton tou sou yon distans 1.6 kilomèt ant soti Ridge Road la ak Baryè Peyaj Lackawanna a, epitou ajoute yon pwofondè konplè asfalt anba pasrèl Ridge Road la. Seksyon ki rete a soti nan Ridge Road rive nan NY Route 400 pral resevwa yon nouvo sifas asfalte pou kondui tou. Yo planifye plizyè modènizasyon sekirite tou ki gen ladan yo nouvo panno anlè, balistrad ak agrandisman akotman, epitou plis siyalizasyon orizontal pou amelyore sekirite.

Anplis de sa, ekip yo pral fè reyabilitasyon oswa plasman senk pon sou Thruway a ki se:

- Seneca Street (poto kilometrik 428.37)
- Cazenovia Creek (poto kilometrik 428.56)
- Potters Road (poto kilometrik 428.84)
- Smokes Creek (poto kilometrik 429.78)
- Yo pral ranplase Pon Norfolk Southern Railroad la (poto kilometrik 430.05).

Enfòmasyon sou sikilasyon an pral afiche sou panno mesaj varyab.

**Senatè Patrick M. Gallivan te deklare,** “Konstriksyon ak mentnans wout ak pon nou yo se pa sèlman yon zafè sekirite piblik, li gen efè dirèk sou biznis ak devlopman ekonomik. Nou tout konte sou sistèm otowout nou an pou al travay, lekòl ak nan lòt destinasyon epi nou vle pou enfrastrikti nou an san danje. Amelyorasyon sa yo pral kore biznis yo isit la ak toupatou nan eta a epi y ap ede garanti sekirite plizyè milye otomobilis yo k ap pase sou Thruway a chak jou”.

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** “Pandan sezon konstriksyon an ap kòmanse, mwen kontan wè Otorite Thruway a ap kontinye investi nan Rejyon Lwès New York la. Lè pwojè sa a fini, Thruway a, epitou pon ki pote li yo, ap ofri otomobilis yo plis sekirite epi y ap gen dirabilite ki nesèsè a pou sipòte kondisyon meteyo difisil yo nan Rejyon Lwès New York. Mwen priye chofè yo pou yo fè atansyon a anviwònman yo epi pou yo ralanti pandan y ap travèse zòn konstriksyon - pa gen randevou ki vo lapèn mete lavi an danje”.

**Manm Asanble, Pat Burke, te deklare,** “Mwen kontan wè Faz 2 pwojè esansyèl sa a kòmanse. Si New York vle rete yon lidè ekonomik nan peyi sa a, nou dwe garanti enfrastrikti nou an san danje ak fyab. Menm si li gen dwa lakòz yon enkonvenyan pwovizwa pou vwayajè yo, rezilta a ap vo deranjman an”.

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** “Amelyorasyon enfrastrikti nesèsè sa yo pral konplete yon pwojè Thruway a ki te kòmanse lane pase epi ki te pote anpil amelyorasyon sou pòsyon ki toupre Baryè Peyaj Lackawanna a. Yo te reyabilite kat pon, ranplase youn, epi rebati wout la pou pèmèt otomobilis yo kondui pi byen, pi an sekirite. Eleman yo te fè anpil dega sou wout yo nan Konte Erie, epi investisman pou enfrastrikti 66.4 milyon sa a nan wout ki gen anpil sikilasyon sa yo konsa jwenn yon gran apresyasyon nan men tout moun ki pase sou yo”.

Pou enfòmasyon an tan reyèl sou deplasman, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) Thruway a ki disponib sou aparèy iPhone ak Android. Vwayajè yo kapab ale tou sou [Kat Vwayajè](#) entèraktif Otorite Thruway a.

Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)